WIKIPÉDIA

Basa Koptik

Basa Koptik utawa **Basa Koptik Mesir** (Basa Koptik *Met.Remenkīmi*) iku tahap pungkasan Basa Mesir, sawijining anggota saka rumpun basa Afro-Asiatik kang dipituturaké ing Mesir nganti minimal abad kaping 17. Basa Mesir wiwit ditulis mawa aksara Yunani ing abad kapisan Masèhi. Aksara iki banjur diarani aksara Koptik lan sajatiné aksara Yunani kang ditambahi mawa enem utawa pitung aksara tambahan saka aksara Demotik Mesir kanggo nglambangaké foném-foném kang ora ana ing basa Yunani.

Koptik	
Cithakan:Coptic *Met.Remenkīmi*	
Asal	Mesir, Kanada, Australia, Amérikah Sarékat
Panyatur asli	Punah minangka basa sadina-dina ing abad kaping 17[1], nanging kanggo basa liturgis Gréja Koptik lan uga minangka basa sadina-dina déning sawetara panutur[2][3][4][5] (*tanpa surya*)
Kulawarga basa	Afro-Asia ▪ Basa Mesir ▪ **Koptik**
Aksara	Aksara Koptik
Kodhe basa	
ISO 639-2	cop
ISO 639-3	cop

Ana sawatara dialèk basa Koptik, kang wigati dhéwé ya iku dialèk Sahidik lan Bohairik.

Basa Koptik diganti mawa basa Arab Mesir sawisé Mesir ditaklukaké déning wong-wong Arab ing abad kaping 7. Sanadyan wis cures, ora akèh dienggo mawa basa sadina-dina manèh, Basa Koptik isih kanggo basa liturgis déning kaum Kristen Koptik Mesir. Basa kang dienggo ya iku mligi nganggo dialèk Bohairik. Saliyané iku isih ana sawatara wong-wong kang nganggo basa iki sadina-dinané.

Uga delengen

- Basa Arab Mesir

Bibliography

- Wolfgang Kosack: *Lehrbuch des Koptischen.Teil I:Koptische Grammatik.Teil II:Koptische Lesestücke*, Graz 1974.
- Wolfgang Kosack: *Der koptische Heiligenkalender. Deutsch - Koptisch - Arabisch nach den besten Quellen neu bearbeitet und vollständig herausgegeben mit Index Sanctorum koptischer Heiliger, Index der Namen auf Koptisch, Koptische Patriarchenliste, Geografische Liste*. Christoph Brunner, Berlin 2012, ISBN 978-3-9524018-4-2.
- Wolfgang Kosack: *Schenute von Atripe De judicio finale.* Papyruskodex 63000.IV im Museo Egizio di Torino. Einleitung, Textbearbeitung und Übersetzung herausgegeben von Wolfgang Kosack. Christoph Brunner, Berlin 2013, ISBN 978-3-9524018-5-9.
- Wolfgang Kosack: *Koptisches Handlexikon des Bohairischen.* Koptisch - Deutsch - Arabisch. Verlag Christoph Brunner, Basel 2013, ISBN 978-3-9524018-9-7.
- Westendorf, Wolfhart. 1965/1977. *Koptisches Handwörterbuch*. Heidelberg: Carl Winter.

Cathetan suku

1. Ethnologue, 15th edition (http://www.ethnologue.com/show_language.asp?code=cop)
2. "Exclusive: An Interview with the Only Egyptian Family that Still Speaks the Coptic Language inside Egypt" (http://www.copticassembly.org/showart.php?main_id=838). Coptic Assembly of America. The number of people who speak Coptic reaches around 300, and no one is still in Egypt except the family of Titti Mouris
3. نفرتيتي تتحدث (http://besara7a.wordpress.com/2008/03/10/عائلة-مصرية-جدا) (– Scholar search (http://scholar.google.co.uk/scholar?hl=en&lr=&q=intitle%3A%D9%86%D9%81%D8%B1%D8%AA%D9%8A%D8%AA%D9%89+%D8%AA%D8%AA%D8%AD%D8%AF%D8%AB&as_publication=&as_ylo=&as_yhi=&btnG=Search)), 2008-10 Priksa gandra date ing: `|date=` (pitulung)
4. "...إنهم يتحدثون القبطية" (http://copticnews.ca/a_jul2006/103_coptic.htm). Canadian Coptic Association.
5. "إنهم يتحدثون القبطية" (http://www.katibatibia.com/Events/afamilytalkingonlycoptic.htm). Theban Legion.

Dijupuk saka "https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Basa_Koptik&oldid=1493111"

Kaca iki pungkasan diowah nalika 08.19, 25 Sèptèmber 2019.

Tèks iki cumepak kanthi Lisènsi Atribusi-DumSaèmper Creative Commons; paugeran tambahan bokmanawa uga lumaku. Wacaa Paugeran Panganggo kanggo rerincèné.